# ДАВСИЙН ТАЙПАНА ВОЛУ АБУ ХIУРАЙРАТ

(Дела реза хуьлийла цунна)

**«Абу ХIурайрата Исламан умматна Iалашдина Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **хьадисех цхьа эзар ялх бIе а сов хьадис»**. *Историкаш.*

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

Цхьа а шеко яц, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабех болу хIара нуьре седа хьуна бевзаш хиларх. Исламан умматах болчех цхьа а вуй техьа Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) ца вевзаш?!

Бусалба дин тIедале йолчу заманахь наха цунах «Iабд Шамс (маьлхан лай)» олуш хилла. АллахIа бусалба динца цуьнан лерам бича, Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIекхачарца иза ирсе а вича, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга хаьттина хилла: «Хьан цIе хIун ю?» – аьлла. Цо жоп делла: «Iабд Шамс ю», – аьлла. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьллера: «ХIан-хIа, Iабдуррохьман ю (хьан цIе)». ТIаккха Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «ХIаъ, Iабдуррохьман ю сан цIе, сан да-нана хьуна махина хуьлийла, хIай Делан Элча».

«Абу ХIурайрат» аьлла, цунна кхин цIе тилларх лаьцна иштта дуьйцу. Жима волчу хенахь шеца ловзош-лелош цициган кIорни хилла цуьнан, тIаккха цуьнан нийсархоша цуьнга кхойкхучу хенахь, ва Абу ХIурайрат (ХIай цициган кIорнин да верг), – олуш хилла. И цIе цуьнан бакъ цIерал тола а тоьлла, яьржина, гIараяьлла.

Цуьнан дахаран некъаш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) некъашца хоттаделча, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан са тедеш (и дукхавезарна), цунах Абу ХIир (цициган да) олуш хилла. Абу ХIурайрат олучул а, Абу ХIир бохучу цIеро чIогIа асар деш хилла цуьнан дагна, цо ша олуш а хилла: «Сох и Абу ХIир суна везначу Делан Элчано олура».

* * *

Абу ХIурайрата Ислам тIеэцна давсийн тайпанан Iамран кIант волчу ТIуфайлехула (Дела реза хуьлийла цаьршинна). Давсийн махкахь иза Iийна хIижрат динчул тIаьхьа ялх шо даллалц. Цул тIаьхьа шен къоман векалийн

тобанца Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тIе Мадинате вахана иза.

* * *

Давсийн тайпана волчу къонахчо шен дерриг дахар дIаделира Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIуллакххашка хьажарна а, цунна накъосталла дарна а. Маьждигах цо шена дира Iибадат деш дахар дIадахьаран цIа, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шена хьехархо а, имам а лецира цо, хIунда аьлча Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийна волчу заманчохь Абу ХIурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) я зуда а, я бераш а ца хилла дела.

ХIуъу хилча а, Делаца накъост лацарна тIера юха ца йолуш йолу шен къена нана йоцург, Абу ХIурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) цхьа а ца хилла. Цунах шена барам а боцуш чIогIа къахетарна, шена иза дукха а еза дела, кIорда а ца деш, иза Ислам-дине кхойкхуш хилла цо, амма нана кIантах уьдура, цо дуьйцург тIе а ца лоцуш. Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) и бахьанехь чIогIа гIайгIане хуьлура, боккхачу сингаттамо шен дог а дузуш. Цхьана дийнахь Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) шен нана Деле а, Цуьнан Элчане а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ийман дилларе кхайкхича, цо Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьокъехь аьлла хилла Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) чIогIа гIайгIане веш а, Iовжош а долу дешнаш. ТIаккха Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) велха а воьлхуш, Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу дIахьаьдда. Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга аьлла: «Хьо хIунда воьлху, хIай Абу ХIурайрат?» Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Аса кIорда а ца деш, мел чIогIа Ислам-дине кхайкхарх, аьлларг ца до-кх суна сан нанас. Тахана а аьллера аса цуьнга Ислам-дине йола, амма цо соьга хьан хьокъехь суна чIогIа халахеттарг эли-кх. ХIай Делан Элча, Сийлахь-Везчу Деле Абу ХIурайратан ненан дог Исламе дерзор дехахьа».

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цунна доIа дира. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «ТIаккха сайн цIа вахара со, ткъа неI къевлина яра, Iеночу хин татанаш а хезира суна. Суна цIа чу ваха дагадеача, сан нанас соьга элира: «Хьой волччохь сацалахь, хIай Абу ХIурайрат». Цул тIаьхьа шен бедарш тIе а юьйхина, цо элира: «Чувола». Со чуваьлча, сан нанас элира: «Ас тоьшалла до, АллахI воцург кхин дела вац аьлла; ас тоьшалла до, Мухьаммад - Цуьнан лай а, Элча а хиларна». Цхьа сахьт хьалха сингаттам бахьанехь ма-велххара, тIех самукъадаларна велха а

воьлхуш, Делан Элча волчу вухавеара со. Ас цуьнга элира: «Кхаъ бу хьоьга, хIай Делан Элча, Дала хьан доIанна жоп дели-кх, Абу ХIурайратан нана Исламе ялий-кх Цо».

* * *

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Абу ХIурайратна (Дела реза хуьлийла цунна) дукхавезнера шен дилханах а, цIийх а дIайначу безамца. Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) мел хьежарх кIордош ца хилла цунна. Цо олуш хилла: «Делан Элчанал хаза а, къегина а хIума гина дац суна, шен юьхь тIера маьлхан нур схьадолуш санна ву-кха иза».

Цо Беркате, Сийлахь-Веза Волчу Далла хастам беш а хилла, Цо Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шех накъост вина аьлла, шена динчу диканна ша цуьнан динна тIенисварна а. Цо олуш хилла: «Абу ХIурайрат Исламе валийначу Далла хастам бу-кх! Абу ХIурайратна Къуръан Iамийначу Далла хастам бу-кх! Мухьаммадан асхьабех а веш, Абу ХIурайратна дика дина волчу Далла хастам бу-кх!»

* * *

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) даггара везарх терра, иштта даггара Iилма лаха а вуьйлира Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна), Iилма Iаморах Iадат а, шен лаамийн коьрта Iалашо а йира цо.

Сабитан кIанта Зайда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Со а, Абу ХIурайрат а, сан цхьа накъост а тхо цхьаьна маьждига чохь, Деле хьехош, Цуьнга доьхуш а Iаш долчу хенахь, тхуна тIевеара Делан Элча. Тхо долчу агIор тIе а веана, тхуна юкъа охьахиира иза. Тхо дист ца хуьлуш Iара. ТIаккха цо элира: «Шаьш долийнарг дIахьо». ТIаккха Абу ХIурайратал а хьалха со а, сан накъост а Деле деха вуьйлира, иштта Делан Элча тхойшинан доIанна **«амин»** баха вуьйлира».

Цул тIаьхьа Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) доIа дира. Цо дийхира: «Я АллахI, аса Хьоьга доьху-кх хIокху сан шина накъосто Хьоьга дехнарг а, аса Хьоьга доьху-кх цкъа а диц дийр доцу Iилма далар а». ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «Амин!» Охашиммо элира: «Охашиммо а доьху-кх Хьоьга цкъа а диц дийр доцу Iилма далар». ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

элира: «Давсийн тайпана волу къонах шуьшиннал хьалхавели (цу доIанан хьокъехь)».

* * *

Шена Iилма хаар ма-деззара, иштта кхечунна иза Iамор а дезна хилла Абу ХIурайратна (Дела реза хуьлийла цунна). Цхьана дийнахь Мадинатан базаршна уллохула ваьлла ша дIавоьдучу хенахь, чIогIа цецваьлла хилла иза, нах сел чIогIа дуьне лахарна тIаьхьабовлархь а, уьш йохк-эцар, хийцарш ярна чуболарх а. Царна уллохь саца а сецна, аьлла хилла цо: «Ма кIелдисина ду-кх шу, хIай Мадинатан бахархой!» Цара элира: «Стенна тIехь го хьуна тхо кIелдисина, хIай Абу ХIурайрат?» ТIаккха цо жоп делира: «Делан Элчанах дисина долу ирс ду доькъуш, ткъа шу кхузахь ду!.. Цига дахана шайн дакъа схьа ца оьцу-кх аша!!» Цара хаьттира: «Стенгахь ду те и, хIай Абу ХIурайрат?!» Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Маьждигехь ду». ТIаккха уьш сихха маьждиге дIабевдира. Уьш юха схьабахккалц сецна Iара Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна). ЮхабогIучу наха шайн Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) ма гиннехь, элира: «ХIай Абу ХIурайрат, маьждига чу дахча цу чохь цхьана а тайпана йоькъуш хIума ма ца ги тхуна?!» Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) цаьрга элира: «Маьждига чохь цхьа а ца гира шуна?!» Цара элира: «ХIаъ, тхуна цу чохь ламаз деш нах гира, Къуръан доьшуш нах гира, хьарам а, хьанал а дерг вовшашка дуьйцуш нах а гира». Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Шу дакъаза ма довларш, и ма ду и – Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ирс».

* * *

Iилманна чуволар а, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) мажлисашка эхар а бахьана долуш, Абу ХIурайратега (Дела реза хуьлийла цунна) кхечира цхьаьнненга а кхаьчна йоцу мацаллин а, халачу дахаран а киртигаш. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) ша-шех лаьцна дуьйцу: «Барам а боцуш чIогIа мацлора со, аса сайна хууш долушшехь, Делан Элчанан асхьабех волчуьнга Къуръана тIера цхьа аят хоттура, цо шеца шайга а вигна, сайна яахIума яларе сатуьйсуш… Цхьана дийнахь чIогIа мацвеллера со. ТIех чIогIа мацваларна, сайн гIодаюккъе тIулг а бихкина, асхьабаш дIасабоьлхучу новкъа охьахиънера со. Абу Бакар (Дела реза хуьлийла цунна) сайна уллохула ваьлла дIавоьдучу хенахь, цуьнга Къуръана тIера цхьа аят хаьттира аса, цо сой чукхайкхаре сатесна, амма цо со чу ца кхайкхира.

Цул тIаьхьа ХаттIабан кIант Iумар (Дела реза хуьлийла цунна) тIехвелира суна, цуьнга а хьаьттира аса Къуръана тIера аят, иштта цо а ца кхайкхира со чу. Иштта со Iаш а волуш, суна тIехвелира Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна); со меца вуйла а хиъна, цо элира: **«Абу ХIир!»** «ЛадоьгIна ву со, хIай Делан Элча», – аьлла, цунна тIаьххье дIавахара со. Цуьнца цуьнан хIусам чу ваьлча, шурех юьзначу пхьегIех бIаьрг кхийтира сан цу чохь». Шен цIерачаьрга хаьттира цо: **«Стенгара ялла шуна хIара?»** Цара элира: «Хьенеха хьуна яийтина-кх, хIай Делан Элча!» ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьада воло, хIай Абу ХIир, четаран охIла** (Делан Элчанан Мадинатехь долчу маьждиган четар кIелахь Iаш болу, я даа, я мала, я да-нана, я йиша-ваша, я доьзал боцу пекъарш бу уьш) **схьакхайкха кхуза».** Уьш схьакхайкха цо сой вахийтаро со гIайгIане вира. Ас-сайга элира: «Сел кIезиг йолчу шурех хIун кхачо хир ю четар кIелахь болчарна?!» Цкъа хьалха, цхьажимма дегIе ницкъ баийттал цунах сайна цхьа къурд а бина, уьш схьакхайкха ваха лууш вара со. Четар кIелахь болчарна тIе а вахана, уьш цига схьакхайкхира аса. Уьш берриге а цига дIагулбелира. Уьш шена улло охьахевшича, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIай Абу ХIир, дIаэца, царна хIорана а дIало и шура».** Аса хIора стагана и шура дIа а луш, малийра, царах хIораммо а иза маллалц. ТIаккха и пхьегIа Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дIакховдийра аса. Шен корта хьалаайбина соьга а хьаьжна, вела а велла, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) соьга элира: **«Со а, хьо а висина-кх, хIай Абу ХIир».** Аса элира: «Бакълоь хьо, хIай Делан Элча». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Мала».** ТIаккха аса мелира и шура. Цул тIаьхьа цо элира: **«Мала».** Аса тIаккха а мелира и. Юха-юха соьга мала бехира цо и, аса иза мала а мелира. ТIаьххьара аса цуьнга элира: «Хьо бакъонца ваийтинчу АллахIах дуй буу ас, иза чуяха кхин меттиг ма бац сан». ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) соьгара пхьегIа дIа а эцна, йисина йолу шура дIамелира».

* * *

Дуккха хан-зама ялале бусалба нах диканех буьзира, царна тIеман толамашкахь дуккха хIонсаш кара а яьхкира. Абу ХIурайратна (Дела реза хуьлийла цунна) а хилира ахча, хIусам, даьхни, зуда, доьзал… Амма цу балхо цхьана а кепара цуьнгарчу комаьршаллин сибат, хатI ца хийцира, я цо цкъа а диц ца дира шена балане даьхкина денош. Цо кеста-кеста олура: «Буо долуш хьалакхиъна со, миска волуш хIижрат дина аса, сайн гайна межарг лохуш, ГIазва́нан йоIана Бусратна йолах белхаш бина ас, тIебаьхкинчу хьешийн

хьашташ кхочушдора аса (цуьнан кертахь сой волчу хенахь), уьш дӀабоьлхучу заманахь царна тӀеховшша церан эмкалш схьа а ялайора ас. Ткъа Дала тахана цунах суна хӀусамнана йи-кх…»

Хастам бу-кх АллахӀна, Ислам-динах низам а, бух а бинчу, Абу ХӀурайратах (Дела реза хуьлийла цунна) имам винчу.

* * *

Абу Суфъянан кӀанта МуӀавията (Дела реза хуьлийла цаьршинна) мосазза а Мадинатна тӀе урхалла дан хӀоттийна хилла иза, амма урхалле кхачаро цуьнан комаьршаллех а, оьздангаллех а цхьа а хӀума дӀа ца даьккхира.

Ша урхалла дечу хенахь Мадинатан урамашкахула шен доьзална шен гихь дечиган цӀов а бохьуш хӀара вогӀучу хенахь, Маликан кӀантана СаӀлабатна, тӀехволуш, кхуо аьлла: «Эмирана некъ маьрша бита, хӀай Маликан кӀант». ТӀаккха СаӀлабата цуьнга аьлла: «Дала хьох къинхетам барг, сел йоккха йолу и меттиг ца тоьа хьуна?!»

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Эмирана некъ маьрша бита, иштта цуьнан букъа тӀерачу дечиган цӀевнна а».

* * *

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) шен дуьззина долчу Ӏилманах а, шен синан комаьршаллех а цхьаьнатоьхнера Делах кхерар а, суьпалла а. Дийнахь марха а кхобий, буьйса кхоалгӀачу декъе яхча Ӏуьйкъа ламаз а дой, шен хӀусамнана хьалагӀаттайора цо. Цул тӀаьхьа хӀусамнанас оцу хенан шолгӀачу декъехь Ӏуьйкъа ламаз а дой, шен йоӀ гӀаттайора. ТӀаккха оцу йоӀа тӀаьхьарчу декъехь Ӏуьйкъа ламаз дора… Цуьнан хӀусамехь сахиллалц йолчу заманахь Ӏибадат дар ца хедара.

* * *

Абу ХӀурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) кертахь Ӏаьржачу аматехь йолу цхьа гӀарбаш яра. Цо Абу ХӀурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) доьзална халахетар дина хилла. Цунна етта дагахь, шен шед цунна тӀе а айина, цул тӀаьхьа саца а сецна, Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Къематдийнахь сайгара чӀир оьцур яцахьара, ахьа тхуна халахетар ма-дарра, хьо Ӏовжор ма яра аса. Цул аса сайна кхоччуш хьох мах лур болчунна дӀаюхкур ю хьо, суна чӀогӀа оьшуш а бу и мах тахана, хьада, йоло, дӀагӀо, Сийлахь-Везчу Делан дуьхьа маьрша ю хьо».

* * *

Абу ХIурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) йоIа цуьнга олуш хилла: «Сан хьоме дада, суна сан нийсархоша, хьан дас хьуна дашо хIуманаш тIе хIунда ца ухку, бохуш, тIехдетта!?» ТIаккха Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) цуьнга олуш хилла: «Сан жима йоI, ахь цаьрга алахь: «Сан да сох жоьжахатин цIеран йовхо кхетарна кхоьру».

* * *

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) шен йоIана дашо хIуманаш эцна, цунна уьш тIецаохкар – иза даьхнина бIаьрмециг хилар дацара, хIунда аьлча иза комаьрша хилла, Делан некъа тIехь долчунна куьг дIакховдийна а волуш.

Хьакаман кIанта Марвана цунна цхьа бIе динар (дешин ахча) дахьийтина хилла. ШолгIачу дийнахь Хьакаман кIанта Марвана цунна тIе стаг вахийтина. ТIевахначо цуьнан кост дIатоьхна: «Сан ялхочо гIалат а ваьлла, хьоьга делла и дешин ахча, уьш хьуна даийтина дацара аса, кхечунна дала гIерташ вара со» – аьлла. И шена хезча, Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) воьхна хьаьвзира. Цо элира: «Делан некъахь дIа ма делла аса уьш, сан кертахь царах цхьана а динаро буьйса а ма ца яьккхина. Байт малера (бусалба нехан кассера) сан дакъа схьалучу хенахь, цу тIера чусацадехьа хьайна».

Марвана иза дина хилла, Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) зуьйш. Цу белхан таллам ша бина ваьлча, цунна иза тешаме карийна.

* * *

Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) шен дерриге дахарехь шен нанна муьтIахь волуш лийлира. Шена аравала мосазза лии а, шен ненан неIарехь соций, цо олура: «Салам-маршалла ду хьоьга, хIай сан нана, Делера къинхетаммий, Цуьнан беркаттий хуьлийла хьуна!»

ТIаккха нанас олура: «Салам-маршалла хьоьга ду, хIай сан жима кIант, Делан къинхетаммий, Цуьнан беркаттий хуьлийла хьуна!»

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) олура: «Ахьа со жима волуш дуьйна схьа хьалакхиорна Дала къинхетам бойла хьох!» ТIаккха нанас олура: «Воккха хилча хьо суна муьтIахь хиларна, Дала къинхетам бойла хьох!» Ша цIа моссаза веа а олура цо иштта.

* * *

Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна) барам а боцуш чIогIа сутара вара нах шайн дайшна-наношна муьтIахь хиларе а, цаьрца гергарло лелоре а кхайкхарна тIехь. Цхьана дийнахь (цхьаъ хенара воккха стаг а волуш) ши стаг цхьаьна вогIучу хенахь, Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) цаьршиннах жимох волчуьнга хаьттира: «ХIара стаг мила ву хьан?»

Вукхо жоп делира: «Сан да ву». ТIаккха Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) цуьнга элира: «Цкъа а цуьнан бакъ цIе ма яккхалахь. Шаьшшиъ цхьанхьа воьдучу хенахь, цул хьалха а ма валалахь, цунна хьалха охьа а ма хаалахь».

* * *

Шех валаран цамгар кхеттачу хенахь, вилхина хилла Абу ХIурайрат (Дела реза хуьлийла цунна). Цуьнга хаьттина: «ХIунда воьлху хьо, хIай Абу ХIурайрат!?» – аьлла.

ТIаккха Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «ХIара шун дуьне бахьана долуш воьлхуш вац со… Бакъду, некъ беха а болу дела, некъан кхача кIезиг а болу дела воьлху-кх со… Со ялсамане я жоьжахате вуьгур волчу некъана йисте кхаьчна со… Суна ца хаьа, цу шиннах муьлхачунна чохь сой хир ву!»

Хьакаман кIанта Марвана ша Абу ХIурайрате (Дела реза хуьлийла цунна) хьажа вахча, аьллера цуьнга: «Дала дарба дойла хьуна, хIай Абу ХIурайрат». ТIаккха Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) элира: «Я АллахI, Хьуна дуьхьал хIотта лаьа-кх суна, ткъа Хьо а хилахьа со Хьайна дуьхьал хIотта лууш, суна цунах мелла а сихо а ехьа». Марван иза волчуьра дIавахале Абу ХIурайратан (Дела реза хуьлийла цунна) кхалхар хилира.

* * *

АллахIа Шен шортта болу къинхетам бойла Абу ХIурайратах (Дела реза хуьлийла цунна), баккъалла а, бусалба нахана Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисех цхьа эзар ялх бIе а сов хьадис Iалашдина цо. Дала бусалба динан а, бусалба нехан а цIарах диканца бекхам бойла цунна!